





KURIMWA KWEMAPFUNDE ZVICHENDERANA NEKUSHANDUKA KWEMAMIRIRO EKUNZE




1. Zvakanakira kurima mapfunde

- Mapfunde anogona kurimwa munzvimbo dzisinganaye mvura yakawanda dzinova nzvimbo dzinorimwa chibage chishoma.
- Mapfunde anoita zvakanaka munzvimbo dzisinganaye mvura yakawanda uye anokwanisa kushingirira nguva dzekunaya kwemvura yakawanda zvekuti inenge yakajenga mumunda.
- Ane fiber yakawanda pamwechete ne protein, calcium, zinc uye iron.



2. Mhando dzemapfunde

- Mapfunde machena anoshandiswa kuita hupfu hwekubikisa sadza nebota.
- Mapfunde akatsvukuruka kana matsvuku anoshandiswa kubika doro rechivanhu nemahewu.



3. Mamiriro ekunze uye ivhu rinodiwa

- Mapfunde anorimwa zvakanaka munzvimbo inowana mvura kutangira pa 300mm kusvika pa 750mm pagore. (Idzi inzvimbo dzakanyanya kuoma dzisingaite chibage).
- Mapfunde anoda ivhu rine chikafu chinokudza zvirimwa, uye ivhu rakaita Dhaka (10 – 30% se Dhaka rinoshandiswa pakuumba hari). Ivhu rakaita jecha harikudzi mbesa.
- Haana dambudziko rakanyanya neivhu rine alkaline - anoda pH iri pakati pe5.5 ne 8.5.




4. Nguva inokurudzirwa kudyara

- Mushure mekunaya kwemvura yekutanga, kupera kwe mwedzi wa Mbudzi kana kutanga kwaZvita (asi zvine njodzi).
- Kudyara mumwedzi wa Mbudzi nemvura yekutanga kwakanaka sezvo ivhu rinenge richakawoma.
- Muna Gumiguru gadzirai mihomba nemigero uye sanai kutsvaga fotereza.



5. Mwero wembeu nehuwandu hwezvirimwa

- Kudyara mbeu kubva pa 7 kusvika pa 12 kg/ha (zvinoenderana nekukura kwembeu).
- Kuwanda kwezvirimwa 130,000 kusvika 150,000 pahekita.
- Mbeu yemhando yepamusoro, kugadzirira mibhedha yekusimira mbeu, ivhu rakanyorova uye kurwisana nekupedza tumbuyu/zvirwere - **zvinobatsira kuti mukohwe pakuru.**



6. Kudzika kwe mbeu pakudyara nekutaramuka kwacho


- Mapfunde ane mbeu diki, anoda mibhedha yakanyatsogadzirirwa zvakanaka.
- Chinhabwe chinosaursa pakati pemitsara: 60 kusvika 70 cm (kunonaya mvura iri pakati nepakati) uye 90 cm kunzvimbo dzakaoma.
- Chinhabwe chinosaursa pakati pezvirimwa mumutsara: 15 kusvika 20 cm (kunonaya mvura iri pakati nepakati) uye 30 cm kunzvimbo dzakaoma.





FEED THE FUTURE

The U.S. Government's Global Hunger & Food Security Initiative



Zvakakosha kuwongorora mhando ye ivhu



7. Maisirwo e fotereza

- 1-2 zvitsama zvermanyowa anopfuura masendimita makumi matatu pamutsetse/muforo wega wega.
- Zvivharo zviriri zvemabhodhoro ezvinwiwa zvazazara kusvika pamusoro (zvakaenzana ne200 kg/ha) zve fotereza ye basal inodarika masendimita makumi matatu pamutsara wega wega wakadyarwa mbeu.
- Fotereza ye top dressing inotangira pa 100 kg kusvika pa 200 kg pahakita imwe yefotereza yemhando ye Nitrogen inoiswa mushure memavhiki mana kusvika kumavhiki matanhatu kwadyarwa pa ivhu rine mutota.



8. Kusakura tichibvisa masora

- Sakura kana papfuura mavhiki maviri zvirimwa zvatanga kubuda kubva muvhu - first weeding at 2 weeks after emergence.
- Mushonga unouraya sora unoiswa pasati padyarwa kana kuti tisati kana mushure mekupedza kusakura.
- Mushonga wesora unoenderana ne mhando yesora uye kuwanikwa kwawo - mishonga yesora inowanzo shandiswa:
 - 1) Dual Magnum
 - 2) Basagran



9. Nzira dzekurwisana nezvipembenene nezvirwere zvakatsaukana

- Nzira dzekurwisana nezvipembenene dzinosanganisira kusanganisa mishonga nehunyanzvi hwebhayoloji, zvirimwa zvisinga kanganiswe nezvirwere uye nzira dzinoshandiswa nevanhu mukuderedza kuparara kwezvirimwa.
- Zvipembenene zvinokanganisa mapfunde zvinosanganisira stalkboer neshiri.
- Zvirwere zvinokanganisa mapfunde: Leaf blight, head smut, charcoal rot ne ergot



10. Kukohwa nemachengeterwo ezvirimwa zvakohwewa

- Chikohwa kana nzvimbo iya tsanga inonamatira panzinde yashanduka kubva kuruvara rwegirinhi kuita tema kana kuti mashizha ari kutsvuka nekuoma.
- Womesa mapfunde ne zuva wakaisa papurasitiki dema/kana pasi pakongiriti kana kushandisa michina yekuomesa.
- Pura uchishandisa ma grain shellers/kana michina kana kupura nemaoko.
- Chengetera mumabhegi kana masaga akachena, kana mumatura akagadzirwa nesimbi nechinangwa chekudzivirira kuzoita hunyoro
- Rega kusanganisa tsanga itsva nedzakare.



11. Kuberekana kwemari yawakashandisa mukurima mapfunde

- Mari yawakashandisa inobereka mari inotangira pa \$1.80 kusvika 2.20 padhora rega rega.
- Mapfunde machena anogona kuwanisa chikafu uye kuwanisa mari kuvagari vekunharaunda dzisinganaye mvura yakawanda.
- Grain Marketing Board ndiyo musika mukuru we mapfunde machena nemashava
- Makambani anobika doro anotenga mapfunde matsvuku kuvarimi vanenge varima pasi pema kondirakiti.
- Varimi vemapfunde matsvuku nemachena vanogona kutengesha nemari inotangira pa \$0.25 pakirogiramu mumisika ne kumisika kunotengeswa zvinhu zvevanhu vanozvitira mabasa emawoko.



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE

Gwaro rino rakagadzirwa kuburikidza nerubatsiro kubva kuanhu veku America uye rutsigiro rwemari kubva kusanganu re Feed the Future nere USAID.